

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab dipedar sababaraha kacindekan ahir tina hasil panalungtikan.

Dumasar kana kacindekan-kacindekan kasebut ditepikeun sababaraha rékoméndasi anu aya patalina jeung judul panalungtikan.

5.1 Kacindekan

Dumasar hasil analisis data nu aya dina bab IV, dijéntrékeun sababaraha kacindekan ieu di handap.

1. Dumasar kana wates lulus anu ngagunakeun standar KKM SMA Pasundan 1 Bandung, tina jumlah sampel murid anu jadi obyék panalungtikan nya éta 22 urang (54,54%) dianggap kurang dina téks kamampuh biantara. Ieu hal ngébréhkeun yén satengahna murid ti jumlah sakabéhna 22 urang can mampuh biantara kalawan hadé.
2. Dumasar kana wates lulus nu ngagunakeun standar KKM SMA Pasundan 1 Bandung, tina jumlah sampel murid anu jadi obyek panalungtikan téh 22 urang murid (100%) dianggap lulus/tuntas tina prestasi diajarna. Ieu hal nétélakeun yén sakabéh murid kelas X.6 SMA Pasundan 1 Bandung dina diajar pangajaran basa Sundana lumangsung kalawan hadé, ieu téh dilantarankeun yén sakabéh murid kelas X geus nyumponan sarat lulus anu geus ditangtukeun.

3. Korélasih antara kamampuh biantara jeung préstasi diajar hasi 1 itung (r_{itung}) nya éta 0,897. Dumasar kritéria, korélasih 0,897 téh kaasup korélasih luhur sarta positif. Sanggeus dibandingkeun, r_{itung} 0,897 téh leuwih gedé batan $r_{tabéh}$ pikeun (N) 22 dina tarap kapercayaan 99%. Ku lantaran kitu, ieu panalungtikan ngabuktikeun ayana korélasih atawa hubungan anu signifikan antara kamampuh biantara jeung préstasi diajar. Dina panapsiran, yén murid anu mampuh dina kamampuh biantara kalawan hadé miboga préstasi diajar anu hadé ogé.

5.2 Rékomendasi

Sabada panyusun ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan “*Korélasih antara Kamampuh Biantara jeung Préstasi Diajar Murid Kelas X SMA Pasundan 1 Bandung Taun Ajar 2010/2011*”, aya sababaraha saran atawa rékoméndasi anu aya patalina jeung panalungtikan anu ditétélakeun saperti ieu di handap.

1. Saméméh ngalaksanakeun kagiatan diajar, hususna dina pangajaran basa Sunda, aya hadéna leuwih ti heula guru salaku nu miboga peran penting dina kagiatan diajar ngajar numuwuhkeun minat jeung rasa mikaresep kana pangajaran basa Sunda anu hadé tur luyu jeung kamekaran jiwa murid.
2. Saluyu jeung hasil ieu panalungtikan yén kamampuh biantara téh mangaruhan kana préstasi diajar, ku kituna pikeun ngaronjatkeun kamampuh biantara atawa kaparigelan nyarita nu séjénna, perlu pisan ngeuyeuban pangaweruh ogé ku sering ayana prakték atawa latihan nu aya patalina jeung makéna basa.

3. Panyusun miharep ieu hasil panalungtikan téh aya mangpaatna pikeun tatapakan dina panalungtikan kahareupna sarta aya panalungtikan nu leuwih jero deui tina ieu panalungtikan.

